



## **Konsantman pou Tretman ak SUBLOCADE®**

Buprenorphine se yon medikaman yo itilize pou trete twoub ki lye ak konsomasyon ekseksif opyoyid. Se yon opyoyid ki redui anvi ak sentom sevraj epi ki bloke efè opyoyid ki pi pisan ak pi danje yo yon fason pou redui risk ovèdoz. Yo ka pran Buprenorphine nan sou fòm konprime oswa yon kapsil chak jou oswa pa mwayen enjeksyon nan kò w (anba po). Fòmilè konsantman sa a pale sou enjeksyon chak mwa a ki rele SUBLOCADE®.

Yo ka itilize Buprenorphine pou sevraj oswa pou tretman konplèmantè. Twoub konsomasyon ekseksif opyoyid se yon maladi kwonik, epi tretman konplèmantè avèk buprenorphine ka kontinye toutotan sa nesesè nan yon kad medikal. Yo remake pase plis tan nan tretman an abouti ak pi bon rezilta pou pasyan an. Yo rekòmande pou tretman ak buprenorphine nan dire omwen sis (6) mwa.

SUBLOCADE® se yon fòm buprenorphine ak liberasyon pwolonje. Yo bay SUBLOCADE® chak 28 jou nan abdomèn nan. Gen de (2) dòz diferan ladann: 300mg ak 100mg. Dòzaj ki rekòmande a pou de premye enjeksyon yo se 300mg. Aprè de premye enjeksyon yo, yo ka redui dòz la a 100mg oswa kontinye ak 300mg. Ekip klinik ou a ap detèmine avè w dòz ki pi bon pou ou a.

Isit la w ap jwenn enfòmasyon pou pasyan ou bezwen konnen an sou SUBLOCADE® ak efè segondè li yo. Nou ap egzamine dokiman sa a avèk ou anvan nou mande w pou siyen fòmilè pou tretman sa a.

Mwen te li fòmilè sa a ak fòmilè medikaman pasyan an oswa yo te li yo pou mwen. Mwen konprann sa yo di a. Yo te ban m okazyon pou poze kesyon. Yo te reponn tout kesyon mwen yo. Mwen kwè mwen genyen ase enfòmasyon pou mwen bay konsantman m pou enjeksyon SUBLOCADE® la. Lè mwen siyen fòmilè sa a, mwen otorize ekip klinik mwen an pou reyalize enjeksyon SUBLOCADE® anba po nan vant lan selon sa ki apwopriye nan yon kad medikal.

---

Siyati Pasyan

Dat

---

Siyati Founisè

Dat

Dokiman sa a te repwodwi avèk otorizasyon Boston Medical Center epi li soti nan:  
Loukas, V., Jodat, A., & LaBelle, C.T. (2024) *Gid Aplikasyon Buprenorphine ki Enjektab ak Liberasyon Pwolonje (Buprenorphine Extended-Release Injection Implementation Guide)*. Manyèl tretman ki pa pibliye. BOSTON MEDICAL CENTER  
Manyèl sa a oswa tout lòt dokiman ki gen ladan l yo pa ranplase yon desizyon medikal avize yon founisè kalifye apwopriye pran.